



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



**Mesaj Akademi Kreyòl Ayisyen an nan okazyon 23^{èm} Jounen Entènasyonal
Lang Matènèl la, 21 Fevriye 2022 a.**

An jeneral, se tout Ayisyen ki renmen sa ki fè yo aysyen an, sa vle di : ayisyen renmen lang kreyòl ayisyen, kilti kreyòl ak idantite yo, idantite kreyòl yo a. E gen anpil moun nan lòt pèp ki gen anpil lanmou ak respè pou sa pèp ayisyen genyen kòm idantite ak kilti. Li ra pou nou jwenn ayisyen ki pa renmen manje kreyòl, klima cho nou an, mizik ayisyen an e ki pa santi san yo mache lè yon kout tanbou pati. E pèp ayisyen gen yon lanmou espesyal pou lang manman yo a, lang kreyòl ayisyen an paske se li ki chwal batay pèp la nan tout moman nan listwa li. Rezon ki fè ayisyen renmen tou sa ki fè yo ayisyen an, se paske tou sa nou genyen kòm patrimwàn materyèl ak patrimwàn imateryèl, se batay nou batay pou nou genyen yo, se pa kado pyès lòt pèp fè nou. Se pou sa, Akademi Kreyòl Ayisyen an toujou asosye li ak tout mouvman pou fè sa tout lòt pèp sou latè genyen kòm lang, kilti ak idantite vin gen plis pwoteksyon ak plis prestij. Konsa, nou menm nan Akademi Kreyòl Ayisyen an pa t ap janm kite dat 21 Fevriye a pase san nou pa di mo pa nou epi sekwe kò nou, kèlkilanswa jan sa ye, pou nou selebre Jounen entènasyonal sa a. Paske jan tout moun konnen sa, misyon nou kòm Akademisyen se : travay san rete pou lang kreyòl ayisyen an vin gen plis prestij nan sosyete nou an epi pou li jwenn plas li merite a kòm lang nasyonal ak lang ofisyèl peyi Ayiti.

Anvan nou ale pi lwen, li enpòtan pou nou fè tout moun sonje: se nan mwa Novanm 1999 INESKO (Organizasyon Nasyonzini pou Edikasyon, Lasyans ak Lakilti) te pran rezolisyon 56/256 li a nan Asanble Jeneral Leta peyi manm li yo pou li adopte dat 21 Fevriye a kòm **"Jounen Entènasyonal Lang Matènèl"**. INESKO pran desizyon sa a pou li atire



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



atansyon otorite yo ak tout sektè nan sisyete yo sou nesesite pou yo pwoteje ak defann plis pase 6 000 lang ki egziste yo pou anpil nan yo pa rive disparèt anvan venteyinyèm syèk la bout. E nan dat 16 me 2007 la, Asanble Jeneral Nasyonzini an pran rezolisyon 61/266 la. Li mande Sekretarya Jeneral la ak tout Leta peyi manm li yo pou yo kore desizyon INESKO te pran pou li ankouraje tout pèp sou latè selebre Jounen Entènasyonal Lang Matènèl la, nan lide pou ankouraje otorite yo ak òganizasyon sisyete sivil yo pran tout mezi nesesè pou yo pwoteje sa limanite genyen kòm divèsite lengwistik ki reprezante potomitan sa limanite genyen kòm divèsite kiltirèl la. Pou nou pi klè, Nasyonzini ak INESKO vle nou konprann : defann ak pwoteje yon lang, sitou lang matènèl/manman lang yon kominate, se defann ak pwoteje kilti kominate kote yo pale lang sa a, se defann ak pwoteje mès, tradisyon epi idantite moun k ap viv nan kominate kote yo pale lang sa a.

Menm lè dat 21 Fevriye a pokonha gen gwo enpòtans pou anpil moun nan sisyete nou an, men, dat sa a kòmanse vle di kichòy pou anpil lòt pèp, paske Nasyonzini/INESKO fè konnen jounen jodi a gen yon lang k ap disparèt chak de (2) semèn pou pi piti, sa vle di : sa limanite genyen kòm divèsite kiltirèl ap diminye chak de (2) semèn tou.

Se vre, lang kreyòl ayisyen an pa nan sitiyasyon lang ki gen pou disparèt anvan lontan yo, apati fenomèn globalizasyon ak mondalizasyon an ki ap vale teren nan monn nan. Rezon ? Gen plis pase douz (12) milyon moun ki pale kreyòl nou an. Li se yon lang ekri. Li se yon lang ki ap sèvi nan sistèm edikasyon nou an. Li se yon lang ki gen yon estati lang ofisyèl epi lang nasyonal (Atik 5 Konstitisyon 1987 amande a). Mete sou sa, gen anpil kreyolofòn ki deside pwodui dokiman, zèv ak liv tout kalite nan lang kreyòl ayisyen



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



an. Men, sa poko anyen menm devan jefò pou Akademi Kreyòl Ayisyen an kontinye fè nan tèt kole ak tout sektè nan sosyete a pou yo fè lang kreyòl la jwenn plas li merite a nan sistèm edikasyon an, nan lajistis la, nan administrasyon publik kou prive yo, nan diplomasi a, nan ansèyman siperyè a (invèsite a), nan biwo Leta ak nan tout espas kote yo ap bay pèp ayisyen sèvis, nan peyi a oubyen lòtbò dlo.

Pou selebre 23^{ème} Jounen sa a, si INESKO chwazi kòm tèm nan : "Ann Sèvi ak zouti nimerik yo pou nou ankouraje moun yo aprann plizyè lang", se nan lide pou li ede tout moun konprann zouti nimerik yo pa dwe sèvi pou favorize aprantisaj yon seri lang, tankoun lang yo rele : lang komèsyal, lang travay, lang diplomasi, lang lasyans oubyen lang entènasyonal yo. Men, zouti nimerik sa yo dwe sèvi nan aprantisaj, pwomosyon defans ak pwoteksyon tout lang, kit se mega lang yo oubyen lang pèp endijèn e sitou pou lang matènèl yo.

Nou menm nan Akademi Kreyòl Ayisyen an, nou chwazi kòm tèm selebrasyon Jounen entènasyonal Lang Matènèl ane sa a, '**Lang kreyòl, lang matènèl nou, se chemen kilti ak idantite nou'**' se pou tèm sa a kapab sèvi kòm yon lide fòs pou nou sansibilize epi atire atansyon tout kouch moun nan lavi nasyon an pou nou tout fè yon sèl pou nou pwoteje epi defann lang kreyòl nou an kòm pi bon chemen pou nou defann epi pwoteje kilti kreyòl ak idantite kreyòl nou an kòmsadwa.

Nou rekonèt jounen jodi a, tandans jeneral la kay anpil pèp, se fè sa lòt pèp ap fè, viv jan lòt pèp ap viv epi panse jan lòt pèp ap panse. Men, menm jan tout moun se moun, men pa



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



gen de moun ki idantik lan ebyen tout pèp se pèp men p ap janm gen de (2) pèp ki sanble kou de gout dlo. Nou menm pèp ayisyen, nou gen istwa pa nou, kilti pa nou, lang pa nou ak idantite pa nou e ki fè nou sa nou ye a ak jan nou ye a.

Nan okazyon selebrasyon 23^{ème} Jounen Entènasyonal Lang Matènèl la, nou vle fè tout lòt pèp sou latè konnen : nou kanpe djanm bò kote yo nan batay yo ap mennen pou yo defann epi pwoteje lang manman yo (Manman lang) e nou pare pou nou travay men nan men ak Nasyonzini/INESKO ansanm ak tout lòt enstans nayonal kou enstans entènasyonal ki vle bay Akademi Kreyòl Ayisyen an tout sipò nesesè pou lang kreyòl la jwenn plas li merite nan sosyete nou an, tout pandan nou ap ankouraje pi gwo otorite nan Leta peyi Ayiti pou yo fè pi plis jefò toujou pou yo garanti dwa lengwistik moun nan popilasyon ayisyen an, jan Manman Lwa peyi a ak ansanm zouti entènasyonal dwa moun yo mande pou sa fèt la paske se sèl chemen ki ap pèmèt ranfòse sa nou genyen kòm kilti kreyòl ak idantite kreyòl nou an epi pou nou rive pran chemen devlopman dirab la kòm pèp ki granmoun tèt li toutbon.

Pou nou fini : nan non Konsèy Akademisyen an, Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an ap swete tout dis (10) novo Akademisyen yo byenvini nan Akademi an, peyi a ap rete tann anpil nan men nou pou nou ede li vanse sou chemen pwogrè ak devlopman dirab.

Nan konjonkti difisil nou ap viv jounen jodi a nan peyi a, nou ap mande tout fòs nan lavi nasyon an pou yo blyie sa yo genyen kòm enterè patikilye, pou yo chita ansanm epi dyaloge yon mannyè pou nou jwenn pasaj pou nou wete peyi nou renmen anpil la nan katchouboumbe li plonje la a. E nan tout refleksyon ak desizyon nou ap pran ki pral angaje



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



avni nasyon an, se pou nou toujou sonje defann epi pwoteje enterè ak lavi sa ki pi fèb yo, sa ki pi nan malsite yo epi sa ki pa gen moun ki pou di anyen pou yo a.

Ann apiye sou sa ki ini nou yo olye pou nou ap gade sa ki divize nou yo. E, sa ki ini nou yo pi plis lontan pase sa ki ka lage nou nan chirepit san pran souf la, nan chirepit san rete a. Ann apiye sou istwa nou, sou kilti nou, sou idantite nou ak manman lang nou an, lang kreyòl ayisyen an pou nou kraze tout baryè ki anpeche nou rive viv nan yon peyi Ayiti ki gen lavi miyò, lapè ak sekirite pou tout pitit li yo, nan peyi Ayiti tout ayisyen ap reve a.

Viv batay pou defans ak pwoteksyon tout lang yo !

Viv lang kreyòl Ayisyen !

Viv pèp ayisyen !

Mèsi

**Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an
Fevriye 2022**